LKPD

Lembar Kerja Peserta Didik
Modul 1 “Geguritan”

Disusun Oleh : Dahlia Nurul Amalah, S.Pd

LIVEWORKSHEETS

P1

Para kanca, apa kowe mangerteni babagan geguritan?

Coba gatekna geguritan ing ngisor iki!

Geguritan 1

Runtah

Daning: Dahlia



Runtah
njeprah ora nggenah
madhul-madhul
sedhuwur gunung
nganti nyundhul wulan kluwung
saben liwat
mambune ora kuwat
saben udan
nggawe tangis bebrayan
umah-umah padha kerem
turu bae ora bisa merem
merga runtahe nyong kowen
kapan musnahe
kur dadi pangangen-angen

LIVEWORKSHEETS

Geguritan 2

Owahing Jaman

Tangi turu, HP....
Arep turu, HP...
Arep mangan, HP ...
Arep sekolah, HP...
Mulih sekolah, HP ...
Ing jamban, uga dikancani HP...

HP wis dadi pepujan
Ing endi papan
Mesam-mesem dhewekan
Bocah-bocah adoh saka dolanan
Jamuran
Gobag sodhor
Congklak
Engklek
Egrang
Dadi kelangan
Digusur dening maneka tontonan

Wujud game-game an
Lan youtube an
Luwih narik wigati
Para taruna panerus bangsa

Kudu ngati-ati
Aja nglali kuwajiban dhiri
Sinau kang tenanan
Tumuju kesuksesan

LIVEWORKSHEETS

Gladhen

Sakwise maca geguritan ing dhuwur, jlentrehna panemumu babagan wosing (isi) geguritan ing dhuwur!

Apa wae nilai-nilai luhur kang kaandhut saka geguritan kasebut?
Pilihen jinis nilai-nilai luhur kang kaandhut sajrone geguritan ing dhuwur kanthi menehi tandha ✓ !

- Mbuwang runtah ing endi wae
- Dadi bocah kudu seneng karesikan
- Aja mbuwang runtah sakkarepe dhewe
- Dolanan HP nganti ora eling wektu
- Awake dhewe kudu nguri-uri dolanan tradhisional
- Nuwuhake rasa tanggung jawab nalika nggunakake HP
- Aja lali tumrap kuwajibane murid
- Sinau iku ora wigati banget tumrap para siswa
- Kudu tenanan anggone golek ilmu
- Aja dolanan game nganti ora eling kuwajiban

LIVEWORKSHEETS